



## Feyè Enfòmasyon pou Anpwazònman Monoksid Kabòn

### Kisa sa pwobèm nan ye?

Monoksid kabòn, oubyen CO se yon gaz ki pa genyen ni sant, ni koulè, li lakòz maladi ak lanmò sibit. Ou jwenn monoksid kabòn nan lafimen ki fèt pa reyaksyon chimik, tankou sa k fèt nan machin, kamyon, ti mote ki sèvi ak gazolin, recho, antèn, lè chabon ak bwa ap boule, ak recho gas avèk sistèm pou chofe kay. Monoksid kabòn ki soti nan sous sa yo ka akimile nan kote ki fèmèn oubyen ki preske fèmèn. Moun avèk bèt kote sa yo ka anpwazonnen lè yo respire li.

Sentòm ki pi kouran nan anpwazònman Monoksid kabòn se maltèt, toudisman, feblès, kè plen, vomisman, doule nan pwatrin, avèk twoub. Lè ou respire gwo kantite Monoksid kabòn li ka lakòz ou pèdi konesans avèk lanmò. Si w pa sispèk se anpwazònman Monoksid kabòn li ka difisil pou detèmine sa paske sentòm yo imite sentòm lòt maladi. Moun kap dòmi oubyen ki sou ka mouri akòz anpwazònman Monoksid kabòn san yo pa santi okenn sentòm.

### Kiyès ki an danje?

Tout moun an danje pou anpwazònman Monoksid kabòn. Monoksid kabòn afekte kèk gwoup moun – tankou timoun ki poko fèt, ti bebe, avèk moun ki genyen maladi kè ki dire, moun ki fè anemi, avèk moun ki genyen pwoblèm nan sistèm pou respire – plis pase lòt moun. Chak ane, plis ke 500 Ameriken mouri akòz de anpwazònman Monoksid kabòn san atann, epi plis ke 2000 moun fè espere yo tiye tèt yo avèk anpwazònman Monoksid kabòn.

### Eske ou ka evite sa?

Wi, ou ka evite anpwazònman Monoksid kabòn lè w pran yon seri de prekosyon senp pou' asire sa:

- tout aparèy ki sèvi ak gaz dwe byen enstale, dwe byen mentni, epi dwe travay byen;
- chak ane yon teknisyen ki kalifye dwe tcheke sistèm ki chofe kay, aparèy ki chofe dlo, gaz, avèk sechwa an gaz;
- chak ane tcheke founo pou chofe kay la avèk tib ki voye lafimen an deyò;
- si wap sèvi avèk ti aparèy pou chofe yon chanm epi li pa byen vantile, sèvi avè l sèlman lè je w klè, epi sèvi avè lè li lè pòt yo ak fenèt yo ouvri pou lè fre ka antre nan sal la;
- de tanzantan, tcheke sistèm ki bay lafimen nan machin yo;
- de tan zan tan tcheke mòflè machin yo pou wè si genyen nèt ki bloke yo.

### Sonje:

1. pou chofe yon kay, pa janm sèvi ak recho a gaz oubyen fou;
2. pa janm sèvi ak griy chabon, griy ibachi, antèn, oubyen recho pòtab andedan yon kay, yon tant, oubyen yon machin mobil pou kan;
3. pa janm kite dèlko, machin ki sèvi ak presyon pou lave, oubyen kenpòt lòt motè ap mache anndan yon sousòl, garaj, oubyen lòt kote ki fèmèn, menm si pòt yo oubyen fenèt yo ouvri, amwenske se yon pwofesyonèl ki te enstale aparèy yo epi lè a byen sikile;
4. pa janm kite yon vwati, dèlko (jeneratè), machinn ki sèvi ak presyon, oubyen kenpòt lòt motè ap mache deyò tou prè yon fenèt oubyen yon pòt kote lafimen an ka antre yon kote ki fèmèn.
5. pa janm kite motè yon machin ap mache pandan li pake nan yon kote ki fèmèn oubyen ki preske fèmèn tankou yon garaj.

Nan prevansyon anpwazònman Monoksid kabòn konesans se kle. Nan laplipa ka anpwazònman Monoksid kabòn kote se pa espre moun nan te fè, viktim yo pat reyalize si lè yo tap respire a te genyen Monoksid kabòn ladan l. Li pa koute chè epi li fasil pou detekte Monoksid kabòn nan yon kay; gen plizyè alam ki detekte Monoksid kabòn ki disponib. Konsidere enstale yon alam ki detekte Monoksid kabòn nan chak etaj lakay ou ak nan chanm yo.